

Рейхстагым адыгэбзэ тезытха

2-нэ нап.



ХэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ яубзыху

3-нэ нап.



Бзур зыIэтыр дамэщ, цIыхур зыIэтыр акъылщ

4-нэ нап.



Дэрэжэгъуэр хьэщIэхэм къызэпаудащ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№96 (25.002) • 2026 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 11, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ



**Ди республикэм и къалащхьэм дэт ШыгъэжапIэм щэбэт кIуам Iуэхугъуэ хьэлэмэт - Урысейпсо саугъэт иным (Дерби) щыщIэбэн къэралпсо шыгъажэшхуэ - щекIуэкIащ. Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр ягъэлъапIэу, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и фэеплъу къызэрагъэпэщащ шыгъажэшхуэр. А Iуэхугъуэм теухуауэ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым щетх:**

«ЗЭХУЭС дахэм кърилъапIэхэм ящыщщ Ингуш хьэлIащ цIыху куэд. ХьэщIэ Республикэм и Iэтащхьэ Калиматов Махьмуд-Алий, Адыгэ Республикэм и пашэ КъумпIыл Мурат, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и унафэщI Темрезов Рашид сымэ, нэгъуэщIхэри. ФIыщIэ ин яхузощI пщIэ зиIэ си ныбжьэгъу-лэжьэгъухэм, Iуэхум гулъытэ хуащIу зэрызыкърагъэхьэлIам папщIэ. Гъунэгъуфlу къызэдекIуэкI ди лъэпкъхэм я зэхуаку игъащIэ лъандэрэ дэлъ зэхущытыкIэ быдэм я лъабжьэщ ди хабзэхэр, дуней еплъыкIэ пэжыр.

Шыгъажэшхуэм хэтащ илъэсищ ныбжьым ит шы лъэрызехьэхэр. Ахэр метр 1000-м къыщыщIэдзауэ 3200-м нэсыху зи кIыхьагъ гъуэгуанэхэм зыбжанэрэ къыщызэдэжащ. Шыгъажэм пашэ щыхъуа шууейхэм иратащ саугъэт лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэр.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, Урысейпсо саугъэт иным (Дерби) щыщIэбэн къэралпсо шыгъажэшхуэ Налшык япэу 2024 гъэм и фокIадэм щекIуэкIащ. Абы щыгъуэм яублауэ щытащ 1886 гъэ лъандэрэ шыгъажэхэр къыщызэрагъэпэщ хабзэ Москва и шыгъэжапIэ нэхъыщхьэм ехьэлIа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр.

Иджырей къэралпсо шыгъажэ зэпеуэми хэтащ шы спортымкIэ Урысей Федерацэм щылажьэ зэгухьэныгъэ цIэрыIуэхэм я лIыкIуэхэр, шы гъэхъуным елэжь IэщIагъэлIхэмрэ шыгъажэм дихьэххэмрэ. Дербир къызэригъэпэщащ «Урысей шыгъэжапIэхэр» акционер зэгухьэныгъэм, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу. ШыгъэжапIэм къекIуэлIахэм Iэмал яIащ къэралым и шы лъэрызехьэхэм, шуудей хахуэхэм я зэфIэкIхэм кIэлъыплъыну, апхуэдэуи я нэгу зрагъэужьыну. Зэхьэзэхуэхэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэманым шыгъэжапIэм концертышхуэ щекIуэкIащ. Iуэхур ягъэдахэу, яIэту абы хэтащ ди республикэм и артист цIэрыIуэхэр.

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ хъуа шыгъажэр гукъинэж, хьэлэмэт икIи купщIафIэ хъуным зи къаруи зэфIэкIи езыхьэлIахэм фIыщIэ ин яхузощI».





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



## ДыкъэувыIэну ди мурадкъым

**Физкультурникым и махуэм ирихьэлIэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Урысейм бэнэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ и пелуан Емельяненкэ Александррэ Шэшэн Республикэм и УнафэщIым и лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ Баташев Алвиррэ.**

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ щIын, цIыхубэр спортым нэхъ дегъэхьэхын, бэнэкIэ щхьэхуэхэм зегъэужьын зэрыхуейм. КIуэкIуэ Казбек хьэщIэм ехъуэхъуащ ди республикэм щрихьэкIыну зэманыр гукъинэж щыхъуну, и IэщIагъэм ехъулIэныгъэ щиIэну, и мурадхэр къехъулIэну.

Узыншагъэм и дежкIэ спортымрэ физкультурэмрэ я мыхьэнэр зэрыиныр ягу къигъэкIыжу, республикэм и Iэтащхьэр цIыхухэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

«Нобэ ди къэралым щагъэлъапIэ Физкультурникым и махуэр, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и напэкIуэцIым. - Физкультурэмрэ спортымрэ IэщIагъэ зыхуэхъуа спортсменхэмрэ спортым и ветеранхэмрэ нэмыщI, ар Iэпкълъэпкъым зегъэужьыныр езыхэм я гукъыдэжкIэ къыхэзыха псоми я урысейпсо махуэшхуэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр спортым быдэу пыщIа, а лъэныкъуэм ехъулIэныгъэ куэд щызэзыгъэгъуэта республикэщ. Урысейм и утыкухэми дунейпсо зэхьэзэхуэхэми текIуэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьэ и спортсмен щэджащэхэмрэ тренерхэмрэ ирогушхуэ ди щIыналъэр.

Гухэхъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми спортым пщIэ зэрыхуащIыр. ЦIыху куэдым, физкультурэм дихьэхауэ, я узыншагъэр ирагъэфIакIуэ, сабийхэм щапхъэ яхуэхъурэ абыхэм я Iэпкълъэпкъ гъэсэныгъэм зрагъэужьу. Спортыр хьэлщ, тегушхуэныгъэщ, жаныгъэщ, ар икIи текIуэныгъэм ухуэзышэ гуп зэкъуэтыныгъэщ.

Иужьрей зэманым дэ гулъытэшхуэ худощI спорт инфраструктурэм зедгъэужьыным: школхэм спортзалхэр къыщызэIудох, топджэгу губгъуэхэр, зыгъэсапIэ инхэр, уэрам джэгупIэхэр, лъакъуэрыгъажэхэм папщIэ лъагъуэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр зыдогъэпэщ. Уеблэмэ мыл уардэунэрэ иджырей бэнэкIитхумкIэ центррэ диIэщ. Абы и фIыгъэкIэ, республикэм зыщауужь щIэуэ къэплъытэ хъуну спорт къудамэхэм: хоккейм, фигурнэу къэжыхьыным, фехтованэм, есыныгъэм, къинэмыщIхэм.

Республикэм къоблагъэ ди бэнакIуэ щIалэхэм, гимнастхэм, легкоатлетхэм, топджэгухэм, баскетболистхэм, есынкIэ Iэзэхэм уащыгугъ зэрыхъунур зылъагъу спортсмен цIэрыIуэхэр икIи ныбжьыщIэхэр ягъэгушхуэ.

ДыкъэувыIэну ди мурадкъым, сыту жыпIэмэ, спорт и лъэныкъуэкIэ ипэкIэ кIуэтэнри, ар къагъэсэбэпурэ я узыншагъэм зрагъэужьынри ди цIыхухэм кIуэ пэтми нэхъ тыншу къаIэрыхьэу хъун хуейщ.

Физкультурникым и махуэр зыгъэлъапIэ псоми гукъыдэж, тегушхуэныгъэ, узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэрэ фIыгъуэ куэдрэ фиIэну гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу!»

## Лэжьыгъэшхуэ зи IэрыкIхэр

**Шыщхьэуlум и 9-м ди къэралым щагъэлъэпIащ УхуакIуэм и махуэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ а IэщIагъэм ирилажьэхэм.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и ухуэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ! Фи IэщIагъэм ехьэлIа махуэмкIэ сынывохъуэхъу, - щыжеIэ абыхэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм.

УхуакIуэм и махуэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ ягъэуvауэ щытащ илъэс 70-кIэ узэIэбэкIыжмэ.

Дэ нобэ догъэлъапIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ IэщIагъэм ирилажьэхэр. Хъуэхъухэр зыхуэгъэзар ухуакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ инженерхэми, архитекторхэми, проектхэр зэхэзылъхьэхэми я махуэщ ар - экономикэм и IэнатIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым хэт псоми.

Абыхэм я лэжьыгъэм кърикIуэхэр занщIэу нэрылъагъу мэхъу, я IэдакъэщIэкIым и фIагъми куэдкIэ елъытащ а ухуэныгъэхэр илъэс куэдкIэ шынагъуэншэу цIыхухэм къахуэщхьэпэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакIуэхэр езыхэм хуэдэхэм къахощ я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэмкIэ, жэуаплыныгъэ яхэлъу я къалэнхэм зэрыбгъэдыхьэмкIэ. Абыхэм яухуащ къалэхэр, промышленнэ, социальнэ IуэхущIапIэхэр, цIыхухэр тыншу псэуным пыщIа нэгъуэщI куэди.

Нобэ IэнатIэм хэпщIыкIыу зеужь, мыбы къыщагъэсэбэп иджырей щIэныпхъэхэр, абы къыдэкIуэуи нэхъыжьхэм къыхалъытэу щыта хабзэхэм, мардэхэм тетщ.

Ди зэманым ухуакIуэхэрщ лъэпкъ проектхэм я пхыгъэкIакIуэ нэхъыщхьэу щытыр: псэупIэщIэхэр, еджапIэхэр, сабий садхэр, поликлиникэхэр, спорт IуэхущIапIэхэр, гъуэгухэр, лъэмыжхэр яухуэ, зыкIэлъыIэбапхъэхэр зэрагъэпэщыж, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэIузэпэщ ящI. Республикэм зегъэужьыным, абы исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным ухуакIуэхэм хуащI хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэну инщ.

ФIыщIэ фхузощI хьэлэлу фи IэнатIэм фызэрыпэрытым, ди зэхуэдэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным ехъулIэныгъэхэр къызэрыщыфхьым папщIэ.

Ди ухуакIуэ псоми узыншагъэ быдэ яIэну, я Iуэху сыткIи зэпэщу псэуну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрыщыту Урысеймрэ я сэбэп зыхэлъ ехъулIэныгъэхэр къахьыну сохъуэхъу».

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ащхъуэт Азэмэтджэрий щIыгъуу щыIащ республикэм щекIуэкI ухуэныгъэ зыбжанэм икIи я Iуэху зыIутхэм зыщигъэгъуэзащ.

## Аргуэру щIэпхъаджагъэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Тэтэрстан Республикэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм и зэран зэкIахэм яхуэгузэващ.**

КИЕВ режимым Тэтэрстан Республикэм террорист щIэпхъаджагъэ щызэрихьащ. Украинэм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэр Нижнекамск и псэупIэ унэм, промышленнэ объектхэм зэреуам къыхэкIыу цIыху мамырхэр хэкIуэдащ, сабии яхэту, уIэгъэ хъуа куэди щыIэщ.

Аргуэру граждан жылагъуэм яхуэгъэзауэ гущIэгъуншагъэшхуэ зыхэлъ щIэпхъаджагъэ ялэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэми сэри си щхьэкIэ къызбгъэдэкIыу Тэтэрстан Республикэм и Iэтащхьэ Минниханов Рустами, къуэш щIыналъэм щыпсэухэми, хэкIуэдахэм я унагъуэхэми дахуогузавэ.

## Сабийхэр ягъэгушхуэ

Дызэкъуэту

**КъБР-м щолажьэ Хэкум и хъумакIуэхэм я унагъуэхэм я комитетыр, зауэ IэнатIэм Iутхэм я щхьэгъусэхэм, сабийхэм гулъытэ яхуэщIыныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжауэ. А комитетым хэтхэмрэ «Шу хасэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и пашэ Къудей Аслъэнрэ зи адэхэр СВО-м щыIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ нэгузыужь зэхуэс гуапэ къызэрагъэпэщащ.**

АБЫХЭМ я нэIэм щIэту сабийхэр шым ягъэшэсри, яхуэсакъыурэ къражыхьащ, зрагъэплъыхьащ. КъыкIэлъыкIуэу ныбжьыщIэхэм шым теухуа пэщIэдзэ щIэныгъэ ирагъэгъуэтащ: а псэущхьэ дахэм и хьэлхэм, губзыгъагъым, бгъэдэлъ зэхэщIыкIым, и дуней тетыкIэм ехьэлIа хъыбар хьэлэмэтхэм сабийхэр щIагъэдэIуащ шуудей балигъхэм. А псоми я щыхьэту цIыкIухэм иратащ «Адыгэ шуудей ныбжьыщIэм и сертификатхэр», шуудей IуэхумкIэ курс кIэщI къызэрырахьэлIар иту.

Псапэ зыпылъ апхуэдэ Iуэхугъуэ куэд щIэх-щIэхыурэ ди республикэм щрегъэкIуэкI комитетым. Абы и щапхъэхэм ящыщщ зи адэхэр СВО-м щыIэ ныбжьыщIэхэм ящыщхэр Краснодар крайм щылажьэ «Глобус» гъэмахуэ лагерым иджыблагъэ зэрыщыхьэщIар. Сабийхэм лагерым зыщагъэпсэхуа, я нэгу зыщрагъэужьа къудейкъым, атIэ дзэ Iуэхухэм хиубыдэ щIэныгъэщIэ ирагъэгъуэтащ, уIэгъэ хъуам япэу узэрыдэIэпыкъупхъэм епхауэ. Зэгухьэныгъэм сабийхэм папщIэ къызэригъэпэщ зэхуэсхэм ящыщщ шу зекIуэ кIэщIхэр, пшыхь хьэлэмэтхэр, щIыналъэм и щIыуэпс телъыджэм цIыкIухэр щыгъуазэ щыхуащI нэгузегъэужьхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр комитетым къыщызэрегъэпэщ «Лэгъупыкъу» сабий социальнэ центрым.

ФIыщIэ ин яхуэфащэщ зи адэхэр зауэ IэнатIэм Iут цIыкIухэм я гур ямыгъэкIуэду, я Iуэху дагъэкIыу, жылагъуэм гулъытэ щрату елIалIэ балигъхэм. Пэжу, сабийм и нэгум гуфIэгъуэ изылъхьэ дэтхэнэ Iуэхури псапэ мыухыжщ. Абыхэм хьэлэлу яхуолажьэ зи цIэ къитIуа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. «Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Абы и купщIэр нэхъри инщ ди зэманым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Мейкъуапэ и Арбат

АДЫГЕЙ. **Республикэм и къалащхьэм дэт «Гигант» щэнхабзэмкIэ унэм деж щокIуэкI «Мейкъуапэ и Арбат» гъэлъэгъуэныгъэ. Ар къызэригъэпэщащ «Лазурь» зэгухьэныгъэм и унафэщI Погодинэ Иринэ.**

АБДЕЖЫМ утыку къыщрахьащ экспозицэ телъыджэхэр: удз гъэгъахэм къыхащIыкIа натюрмортхэр, къалэм, бгыхэм я теплъэхэр, я зыгъэпсэхугъуэм зэманыр я жыг хадэхэм щызыгъакIуэхэр къызытещхэр, нэгъуэщIхэри.

ЩIыбым гъэлъэгъуэныгъэ щегъэкIуэкIыныр гъуазджэм дэтхэнэми зыпищIэфынымкIэ Iэмалщ. Билетхэр къэщэхун е музейм кIуэн хуейкъым: сурэтхэр ялъагъу абдежым блэкIхэм, - къыщыхагъэщащ «Гигант» унэм.

Ар ЩэнхабзэмкIэ унэм деж зэрыщекIуэкIыр цIыхухэр зэсэжащ: зэтеублауэ гъэмахуэм абдежым къыщызэрагъэпэщ концертхэр, мастер-классхэмрэ сабий махуэшхуэхэмрэ.

### Гулъытэ щхьэхуэ хуащI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **КъШР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Абазэлий Ларисэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ. Ар теухуат УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным зэрызыхуагъэхьэзырым.**

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ фокIадэм и 18 - 20-хэм екIуэкIыну мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхур зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм.

Республикэм щылэжьэнущ Iэ щаIэтыну щIыпIэу 249-рэ. НобэкIэ хэхыныгъэхэм хэтыну къагъэлъэгъуащ политикэ парт 11. Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм щатхащ Парламентым, Парламентым хэмыт политикэ партхэм къабгъэдэкI кандидату 8.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ хэхыныгъэхэр шынагъуэншэу екIуэкIыным ехьэлIа Iуэхухэм.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Егъэджэныгъэ

# Я пщIэр къаIэт

**Егъэджэныгъэр махуэ къэс зызыужь, лъэныкъуэ куэдкIэ ефIакIуэ IэнатIэщ. Абы хуагъэпс, хуагъэлажьэ лъэпкъ пэхуэщIэ инхэр, къэрал программэ купщIафIэхэр. Апхуэдэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр, «Ди школыщIэ» программэр. Абыхэм япэу гулъытэ хэха щагъуэтауэ щытащ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт курыт еджапIэхэм (лицейхэм, техникумхэм, училищэхэм) хэпщIыкIыу зегъэузжьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ иужьрей зэманым щогугъу зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр лъэпкъ экономикэм хуэгъэхьэзырыным епха лэжьыгъэхэм. Абы и щапхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ егъэгъуэтынымкIэ (СПО) зэзыгъэуIу совет щхьэхуэ иджыблагъэ къызэрыщызэрагъэпэщари. КъБР-м и Правительствэм ищIа унафэм ипкъ иткIэ яубзыхуа а зэгухьэныгъэм и къалэнхэр куэд мэхъу. Абыхэм я нэхъыщхьэхэр епхащ къэрал властми, егъэджэныгъэ IэнатIэми, экономикэми я зэфIэкIхэр зэуIу щIауэ республикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр колледжхэмрэ техникумхэмрэ щыгъэхьэзырыным.

СПО-мкIэ ЗэзыгъэуIу советым хэтхэм зэфIагъэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм хохьэ IэщIагъэ къозыт курыт еджапIэхэм щекIуэкI Iуэху зехьэкIэхэр адэкIи егъэфIэкIуэныр, ахэр дунейпсо мардэхэм хуэгъэкIуэныр, а IуэхущIапIэхэм я пщIэр нэхъри къэIэтыныр, лъэпкъ экономикэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр ипэ иту убзыхуарэ а унэтIыныгъэхэм ныбжьыщIэхэр колледжэхэмрэ техникумхэмрэ щыхуегъэджэныр, ахэр къэзыуха IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри. «Колледж - ЛэжьапIэ» зэпыщIэныгъэм нэхъри зрагъэужьурэ, студентхэм я практикэхэр IэщIагъэ зрагъэгъуэтмэ щылэжьэну я мурад IэнатIэхэм щегъэкIуэкIынми гулъытэ щигъуэтынущ советым и лэжьыгъэм, а Iуэхугъуэхэм хуэщIа проектхэмрэ программэхэмрэ я тегъэщIапIэу. Iуэхур адэкIэ зыгъэкIуэтэфынухэм ящыщщ «Профессионалитет» пэхуэщIэр, «Зи IэщIагъэм хуэIэижьхэр», «Абилимпикс» чемпионатхэр. А псоми къапэкIуэ ехъулIэныгъэхэр нэрылъагъу зыхуащI школакIуэ нэхъыжьхэм, шэч хэмылъу, нэхъыбэу къахэкIынущ колледжхэмрэ техникумрэ я щIэныгъэм щыхэзыгъэхъуэну, ягу ирихь IэщIагъи абыхэм щызэзыгъэгъуэтыну хуейхэр.

Лэжьыгъэ купщIафIэкIэ зыщыгугъ СПО-мкIэ ЗэзыгъэуIу советым хагъэхьащ Iуэхум епха министерствэхэм я пашэхэр, республикэм и колледжхэмрэ техникумрэ я унафэщIхэр, КъБР-м щылажьэ къэрал, хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр. Iуэхум апхуэдиз гулъытэ щIигъуэтым и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: зызыужь экономикэр хуэныкъуэщ техникэ пэрытхэр и лъабжьэу зи Iуэху зехьэкIэхэр къызэгъэпэща IэнатIэхэм щылэжьэфыну IэщIагъэлI еджахэм. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зыбгъэдэлъ унафэщIхэмкIэ къэралыр къызэгъэпэщакIэщи, иджы ди лъэпкъ экономикэр зыхуейр курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зиIэ лэжьакIуэбэщ. Псом хуэмыдэжу абы хуэныкъуэщ автоматизацэмрэ технологие лъагэмрэ зи Iуэхур хуэкIуа иджырей лэжьапIэхэр.

Къэралыр зэрыт щытыкIэр къэплъытэмэ, СПО-мкIэ апхуэдэ ЗэзыгъэуIу советыр Iэмалыншэт, сыту жыпIэмэ мы зэманым дэ езым къэдлэжьыжын, зэдгъэпэщыжын хуейщ нэхъапэм хамэ щIыпIэхэм къыщытщэхуу е къыщытхъуэжу щыта хьэпшыпхэр, ерыскъыпхъэхэр. А псоми я къежьапIэщ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ къызэрыгуэкI лэжьакIуэ заводхэм, фабрикэхэм яIэныр, техникэ пэрытыр, Интернетым и Iэмалхэр, технологие лъагэхэр къагъэсэбэпыфу. ЖыпIэнурамэ, «ПТУ»-кIэ (профтехучилищэкIэ) япэм зэджэу щыта еджапIэхэм нобэ хуащI пщIэмрэ илъэс 30-кIэ узэIэбэкIыжмэ яIамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. ИпэкIэ абыхэм кIуэр школым щыщIэсым щхьэхынэу, къыкIэрыхуу щытахэрамэ, иджы ныбжьыщIэхэм, я еджэкIам емылъытауэ, яфIэфIу къыхах абыхэм къуат IэщIагъэхэр.

Ди республикэм щылажьэу IэщIагъэ къозыт курыт еджапIэхэм ящыщ дэтхэнэми ныбжьыщIэхэр щыхурагъаджэ, нэхъ мащIэ дыдэу, IэщIагъэ зытхухым, ари нобэрей гъащIэм узыщрипсэуфын, узыщрилэжьэфын защIэу. Щапхъэу къэтхьынщ, псалъэм папщIэ, ди университетым и Политехникэ колледжыр. ЕджапIэм иIэ къудами 4-м щагъэхьэзыр техник зэмылIэужьыгъуэхэр. А IэщIагъэхэр епхащ компьютерхэм, радиоэлектроникэм, автоматизацэ Iуэхухэм, микроэлектроникэм, иджырей нэгъуэщI технологиехэм. КъБКъУ-м и адрей колледжхэми хуэдэу, ар фIыуэ къэзыух студентхэм папщIэ университетым къызэригъэпэщащ нэхъ программэ гъэкIэщIакIэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр къудамэхэр. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэбгъэгъуэтыну ухуэмейуэ щытми, колледжым къыуит IэщIагъэмкIэ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм ущылэжьэфынущ. Абы и гъэсэнхэм компьютерыр зэрызэхэтыр фIыуэ ящIэ, программэхэр зэхэгъэувэнымкIи куэд яхузэфIокI. Къинэмыщ1ауэ, ар къэзыух щIалэхэр сыт хуэдэ техникэми хозагъэ.

КъБКъУ-м и Политехникэ колледжым хуэдэу, гъащIэм, къэрал экономикэм къыщысэбэпын IэщIагъэ куэдым ущыхурагъаджэ университетым и адрей колледжхэми. Курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щызрагъэгъуэт апхуэдэ еджапIэхэм зегъэужьыным шэщIауэ яужь щихьэжа мы лъэхъэнэм ныбжьыщIэхэмрэ адэ-анэхэмри абыхэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащIынури гурыIуэгъуэщ, къэкIуэнур зейр технологие лъагэкIэ къызэгъэпэща IэнатIэращи, а еджапIэхэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха дэтхэнэми лъэпкъ экономикэм лэжьапIэ щигъуэтынущи.

А еджапIэхэм нэхъри зегъэужьыным, я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыным хуэсакъ республикэ унафэщIхэми аращ къыщIызэрагъэпэщар СПО-мкIэ ЗэзыгъэуIу советыр. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ ар лъэбакъуэ пэжу зэрыщытыр.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### Илъэситхум ироплъэж

**Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и 8-нэ зэхуэсыгъуэм и иужьрей зэIущIэм къыщапщытэжащ блэкIа илъэситхум ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр, я къалэнхэр зэрагъэзэщIар.**

«Илъэситхум къриубыдэу УФ-м и Къэрал Думэм гъуэгуанэшхуэ къызэпичащ, къыпэщыта Iуэхухэри хъарзынэу зэфIихащ, - жиIащ къэралым и Хабзэубзыху IэнатIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Володин Вячеслав. - А зэманым къриубыдэу дэ къэтщтащ хабзэ 2980-рэ».

Володиным къыхигъэщащ Урысейм и щхьэхуитыныгъэр ихъумэжыным и къару псори зэрыхуигъэпсар, абы къытегуплIэ къухьэпIэ къэралхэм ар дакъузэн мурадкIэ санкцэ мин 32-м щIигъу къызэрыращIылIар. БлэкIа зэманым къриубыдэу УФ-м и Къэрал Думэм санкцэхэм зэрапэщIэтын хабзэу 250-рэ къащтащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ экономикэм и лъабжьэр ягъэбыдэфащ, лэжьапIэ IэнатIэхэр яхъумэфащ, хьэрычэт Iуэхур даIыгъыфащ.

«Къэрал щхьэхуитырщ къэкIуэн зиIэнур. Ди ныкъуэкъуэгъухэр Урысейр зэтракъутэну, абы и экономикэр къагъэтIэсхъэну зэрыхущIэкъум емылъытауэ, ди къэралым зеужь, жылагъуэм и псэукIэр ефIэкIуэнымкIи шэсыпIэ псомкIи къызэгъэпэщащ», - жиIащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым.

### Гъэунэхуныгъэ хуагъэувынукъым

**Мы гъэ бжьыхьэм щегъэжьауэ илъэсищым нэс зи ныбжь сабийхэр зыпIбзылъхугъэхэр лэжьапIэ къыщащтэкIэ гъэунэхуныгъэ пIалъэ хуагъэувынукъым. Апхуэдэ хъыбарыр РИА хъыбарыщIэхэр агентствэм и журналистым жриIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмрэ цIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэр зэфIэхынымкIэ и комиссэм хэт Машаров Евгений.**

«ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэзыгъэпэщхэм гъэунэхуныгъэ пIалъэм теухуауэ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэжын хуейщ. ЛэжьапIэ къащтэ анэхэм я сабийхэм я ныбжьыр зэрыхъур зрагъэщIапхъэщ», - къыхигъэщащ Машаровым.

Апхуэдэу абы жиIащ зи ныбжьыр илъэсищым нэмыса сабий зиIэм гъэунэхуныгъэ пIалъэ хуагъэувмэ, абы иращIылIа лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэм къару имыIэу къызэралъытэнур. «Сэ сызэреплъымкIэ, мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сабийм зэрыкIэлъыплъым къыхэкIкIэ кIыхьу зыгъэпсэхугъуэ зиIа анэр нэхъ тыншу лэжьыгъэм хэгъуэзэжынымкIэ Iэмал хъарзынэщ, апхуэдэу IэнатIэ игъуэтынымкIэ шэсыпIэ мэхъу», - дыщIигъуащ Машаров Евгений и псалъэхэм.

**ШыщхьэуIум и 11, *гъубж***

♦ **1957 гъэм** Москва щызэхуащIыжащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестивалыр. Хэкум ис адыгэхэмрэ хамэ къэралхэр IэмалыншагъэкIэ псэупIэ зыхуэхъуахэмрэ я лIыкIуэхэу а зэхуэсышхуэм хэтахэр абы щызэрыгъуэтыжауэ, я хъыбар щызэIэпахауэ щытащ.

♦ **1934 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздэхъу СултIан**.

♦ **1945 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолэ**.

♦ **1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Владимир**.

♦ **1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ДзыхьмыщI Иринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 – 28-рэ, жэщым градус 19 – 20 щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 12, *бэрэжьей***

♦ **ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Дзэ-Хьэуа Къарухэм я махуэр**

♦ **1930 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил**.

♦ **1944 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тыркуин Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 16. Абыхэм ящыщу 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

*ШыщхьэуIум* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 253-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5410-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъунэгъу щхьэщытхъу щхьэгъэузщ.**

# Рейхстагым адыгэбзэ тезытха

## тхакIуэ цIэрыIуэ Нало Ахьмэдхъан къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу

*Жылэм зы цIыху цIэрыIуэ къыдэкIа иужь, абы къуажэдэс псори ирогушхуэ. Апхуэдэу узэрыгушхуэ хъун куэд лъэпкъым къритащ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм. Аращ къыщалъхуар (10.08. 1921 гъэ), къыщцыхъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан Хьэмырзэ и къуэр. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Налшык дэт педрабфакым 1937-1941 гъэхэм щеджащ. 1941 гъэм пединститутым щIэтIысхьа къудейуэ, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, фронтым кIуащ.*

*1942 гъэм щыщIэдзауэ 1943 гъэ пщIондэ Налор Ленинград дэт дзэинженер еджапIэм щеджащ. 1943 гъэм и накъыгъэ мазэм лейтенант Нало Ахьмэдхъан фронтым Iухьэжри, зауэр иухыху хэтащ, сапёр взводым, ротэм я унафэщIу. Берлин нэскIэ зи псэр нэзыхьэсу 1945 гъэм накъыгъэм и 6-м рейхстагым и щыгум иувэфа зауэлI хахуэхэм яхэтащ Нало Ахьмэдхъан. Ауэ занщIэу дзэ IэнатIэр къыбгынакъым, атIэ и хэку къыщигъэзэжар 1946 гъэрщ. Зэрихьа лIыгъэмрэ къигъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщIэ Налом къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэу тIу, «Невский Александр», «Вагъуэ Плъыжь» орденхэр, СССР-м и медалу 14, Польшэ Республикэм и медалыр.*

*Хэкум къигъэзэжа нэужь, Ахьмэдхъан къуажэм щызэхэта колхозым и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ, Лэскэн райисполкомым щылэжьащ, ауэ пIалъэ кIыхь къыхимыгъэкIыу, зауэм IэщIыб иригъэщIауэ щыта еджэн Iуэхум пищэжащ. ВКП(б)-м и обкомым къызэригъэпэща парткурсхэр 1947 гъэм къиухри, зауэм ипэкIэ зыщIэтIысхьауэ щыта пединститутым игъэззэжащ, икIи 1951 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ цIыху акъылыфIэр абдежми къыщызэтеувыIакъым: 1952 гъэм пединститутым къыщызэIуаха аспирантурэм япэу зи зэфIэкI щеплъыжахэм яхэтащ, ар къиухри, 1956 гъэм бзэщIэныгъэмкIэ кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. А лъэхъэнэм къыщыщIэдзауэ ар илъэс 50-м щIигъукIэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доценту лэжьащ. Егъэджэныгъэм нэмыщI нэгъуэщI Iуэху зэримыхуами, Налом лъэпкъым хуилэжьар мащIэтэкъым, арщхьэкIэ зэрылажьэм хуэдэурэ абы къэхутэныгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ адыгэбзэм зегъэужьыным пыщIауэ. Москва къыщыдагъэкIа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-шэрджэс псалъалъэ» тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм яхэтащ.*

*Налор ящыщщ литературэм бжьыпэр щызыубыдахэм, зи тхыгъэхэр цIыхубэм ягу дыхьа тхакIуэхэм. Ар СССР-м, Урысей Федерацэм я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтащ.*

*1960 гъэм Налшык къыщыдэкIа «Урыху акъужь» и япэ тхылъыр псынщIэ дыдэу цIыхухэм зэлъащIысащ икIи гунэс ящыхъуащ. Ар щыхьэт техъуат куэдкIэ узыщыгугъ хъун тхакIуэ гъуэзэджэ къызэрыунэхуам. Налом и рассказ купщIафIэхэр зэрыт и япэ тхылъым къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «ГушыIалъэ» (1963), «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» (1967), «Лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ» (1969), «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» (1972), «Нэхущ шу» (1977), «Бжьэр къэпщIащ» (1980), «Пшэплъ жыжьэхэр» (1984), «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» (1995) тхылъхэр.*

*Налом и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса «Тхыгъэхэр» тхылъищыр 1993-1995 гъэхэм къыдагъэкIащ. Абы и тхыгъэхэм ящыщ зыбжанэ урысыбзэкIэ дунейм къытехьащ.*

*ЦIыхубэм яIурылъ бзэм и дахагъэри, и IэфIагъри, и къабзагъри мыгъэкIуэдауэ, зытетхыхь Iуэхум тэмэму тегъэпсыхьауэ къэгъэсэбэпыныр тхакIуэм и тхыгъэхэм я фащэщ. Аращ Налом и IэдакъэщIэкIхэм псалъэ купщIафIэхэр, шэрыуэхэр гъунэжу щIыхэбгъуатэр, ахэр гушыIэ дахэкIэ щIэузэдар.*

*Напэр, лIыгъэр, пэжыгъэр зи гъуазэу псэуа адыгэлIым и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, и гуащIэм дихьэххэм, и IыхьлыхэмхужаIахэм ящыщ пычыгъуэхэм фыщыдогъэгъуазэ, и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ лъэныкъуэ нэхъыбэкIэ уи нэгу къыщIэбгъэхьэнымкIэ щхьэпэщи:*

**СОКЪУР Мусэрбий**, *критик:* - Ди литературэр мызэ-мытIэу зытхьэлэ «зыпэщIыж-зегъэщхь» псэлъэкIэр Налом и бийщ, и нэIэ нэхъыбэу зытригъэтыр цIыхухэм я дуней тетыкIэрщ, езыр фIыуэ зыщыгъуазэрщ. ЖыпIэ хъунущ нобэрей прозэм цIыху псэудэу, хьэл щыз, характер нэтхыса къыхыхьэмэ, ар Налом куэдкIэ и фIыщIэу: Iуэхугъуэ гуэрхэр, дунейм къыщыхъу цIыху Iэужьхэр къетхэкIыныркъым ар дэзыхьэхыр, атIэ цIыхум къигъэлъагъуэ и цIыхугъэр, и напэр, и лIыгъэр здынэсыр къэхутэнырщ. Напэ-напэншагъэ – а еплъыкIитIырщ Налор цIыхум зэрыбгъэдыхьэр. Нэщхъеягъуэ мащIэм хэшыпсыхь лиризмэрщ Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр нэхъыбэу гурыхь зыщIыр. Абы къешэ «псэлъэкIэ гъэпщкIуакIэ» узэджэ хъун нэщэнэхэр: Налом и тхэкIэр, дэ къызэрытфIэщIымкIэ, зыгуэрым ебгъэщхьын хъумэ, Чеховырщ япэу гур зыхуэжэр, ауэ къару, псэ а тхыгъэхэм нэхъыбэу хэзылъхьэр, дауи, пэжыфэ мащIэр пэж дыдэ къыпщигъэхъуну хущIэкъу литературщинэм Налор зэрыпэжыжьэрщ.

ЦIыхугъэмрэ лIыгъэмрэ я зэхэгъэкIыпIэр, дауи, псэзэпылъхьэпIэм дежщ. Ахьмэдхъан апхуэдэми куэдрэ тотхыхь, ауэ Iуэху цIыкIуфэкIухэми къагъэлъагъуэ цIыхум и напэмрэ и лIыгъэмрэ здынэсыр.

**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ**, *Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм я цIыхубэ тхакIуэ:* - Адыгэ интеллигенцэм щыщ псоми пщIэрэ щIыхьрэ зыхуащI я нэхъыжьыфIт Нало Ахьмэдхъан. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Адыгейми Шэрджэсми щыцIэрыIуэт. Налом и зэчий иным пщIэшхуэ хуащIырт, цIыху Iущу, щэджащэу, тхакIуэ Iэзэу, акъыл щыпкъэу зэрыщытым, абы хэлъ цIыхугъэм, Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм, адыгэ лъэпкъыр игъэдахэу, игъэлъапIэу дунейм зэрытетым папщIэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**, *тхакIуэ, критик:* - Ди прозэр иужьрей илъэс пщIейм гъуэгуанэщIэ техьамэ, ар псом япэ зи фIыщIэхэм хабжэ анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэмрэ и дахапIэмрэ куу дыдэу къыщIэзыгъэлъэф тхакIуэ телъыджэ Нало Ахьмэдхъан.

Абы и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ тхыгъэри зэрыкупщIафIэм, зэрыщIэщыгъуэм, гупсысэ куукIэ зэрыгъэнщIам шэч къытезыхьэн щыIэкъым. Си щхьэкIэ сэ ахэр къызолъытэ адыгэ прозэм и лъагапIэхэм ящыщ зыуэ. Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм тэрэфарэ лъэпкъ хэлъкъым. Ар гуауэуи гухэщIуи щрырет – тхакIуэр зытетхыхь цIыхухэм я Iуэхур, я гум, я псэм щыщIэр щIиуфэркъым, фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу гъащIэм и пэжыр етхыж.

ЦIыхум и гущIэлъапсэм нэплъыс, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр къалэм жанкIэ къыщIэзыгъалъэ, дэтхэнэ цIыхуми цIыхугъэ лъагэрэ дуней хьэлэмэтрэ дэзылъагъуф тхакIуэт Ахьмэдхъан – ар куэдым яхузэфIэкIыркъым, къызэхъулIэри гъащIэм и уэрыпIэм хэшасэ къалэм зыгъабзэ тхакIуэ набдзэгубдзаплъэрщ. Апхуэдэут дэ псоми Нало Ахьмэдхъан зэрытцIыхур. Абы куэдрэ ди литературэм и жьантIэр иIыгъащ.

**МУСУКАЕВЭ Анжелэ**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Нало Ахьмэдхъан адыгэ литературэм къыхыхьащ зытетхыхьын иIэжрэ и тхыгъэхэм къыщиIэт IуэхухэрIэкIуэлъакIуэу зэпкърихыу. Хэку зауэшхуэм хэта тхакIуэм и нэгу щIэкIар и тхыгъэхэм къыщигъэсэбэпырт, блэкIамрэ нобэмрэ езыр зэрыхущытыр къызэригъэлъагъуэ Iэмалу.

Нало Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм увыпIэшхуэ щаубыдащ цIыхубэр къызыхэщыж рассказхэмрэ повестхэмрэ. И рассказхэр гуимыхуж зыщIыр къигъэлъэгъуэж зэманыр пэжу уи нэгу къыщIэзыгъэувэж образхэмкIэ зэрыдигъэлъагъурщ.

Налом и прозэр нэгъуэщIхэм хэзымыгъэгъуащэщ зы цIыхум и образым, и гъащIэм, и хьэл-щэнхэмкIэ лъэпкъ псом, цIыхубэм яйр къызэрызэщIикъуэфыр. Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр тхылъеджэхэм гунэс щIащыхъур тхыдэри, гъащIэм къыхихари, къигупсысари зэрыщызэхэухуэнарщ.

Налом и прозэм философие куу щIэлъщ. ГъащIэм и пэжым щIыгъуу, абы цIыхухэм я хъуэпсапIэхэри къегъэлъагъуэ. Ахьмэдхъан адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIащ, зригъэужьащ. Аращ ар цIыхухэм я гум щIилъынур, и фэеплъыр щIахъумэнур.

**КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Iэдэм**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Ахьмэдхъан лIы хьэлыр къызыпхыпст сыт щыгъуи: щызауэлIами, щыегъэджакIуэми, щыщIэныгъэлIми, щытхакIуэми, гуфIэгъуэ Iэнэм щритхьэмадэми, ауэ и ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм е студентхэм щахэтми. Ар сытым щыгъуи зы фэмрэ зы щытыкIэмрэ тетт, егъэлеяуэ фIэлIыкI зиIэт, нэмысышхуэрэ жэуаплыныгъэрэ зыбгъэдэлът. Ар апхуэдизкIэ зэщIэкъуауэ, зэпIэзэрыту, къекIуу хуэпауэ, набдзэгубдзаплъэу гъащIэм пхрыплъу, уардэу зиIыгъыу, нэхъыжьми нэхъыщIэми яхуищIыпхъэ пщIэр ялъигъэсу, щыпхъашэнури щыщабэнури ищIэжу дунейм тетти, зыхэтым къахэлыдыкIырт.

Ахьмэдхъан и тхыгъэхэр, псом хуэмыдэу ахэр зэрытха бзэмрэ образхэм я къызэфIэгъэувэкIэ Iэмалхэмрэ, лъэпкъ бзэщIэныгъэм, литературоведением я налкъутналмэсщ. Зыщ жысIам щIызгъужынур: Наломи IэдакъэщIэкIхэм хуэфэщэн пщIэ нобэкIэ ягъуэтыпакъым. Ахэр щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэсу зэпкърыхакъым. Ауэ шэч къытесхьэркъым дэ дызыхунэмысар къытщIэхъуэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм пщэдей зэрырагъэкъужынум, абы и фIыгъэкIи Ахьмэдхъан и тхыгъэхэм лъэпкъ литературэм и жьантIэ дыдэр зэралъысынум...

**НАЛО Люзедэ**, *Ахьмэдхъан и нысэ:* - Си пщыкъуэ нэхъыжь Ахьмэдхъан жэщ-махуэкIэ хужыпIэн бгъуэтынущ, Iуэху дахэ куэд дигъэлъэгъуащ, Iэджэм дыхуигъэсащ. Ар цIыху Iущт, губзыгъэт, пэжым и телъхьэт. Адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ, нэмысымрэ хабзэмрэ ткIийуэ тетт. Абы и макъым зригъэIэтауэ сэ зэи зэхэсхакъым. АдыгэлI щыпкъэм дыфIэлIыкIыу, пщIэ хуэтщIу, езыми къытхуищIыжу дызэдэпсэуащ. И анэм и лъапсэм Ахьмэдхъан щIэх-щIэхыурэ къэкIуэжу щытащ, адыгэ тхакIуэ куэди къытхуишэурэ дигъэцIыхуат, дгъэхьэщIат. А гупыр жызумей лъабжьэм щIэсу, хъыбар жаIэжу, къакъэпщIыпщIу зэхэсу щыплъагъукIэ уигу хэхъуэрт. Я нэгум иплъагъуэрт абыхэм Ахьмэдхъан пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр.

Ахьмэдхъан лъэпкъым ди дамэт, ди набдзэт. ГъэсакIуэт икIи чэнджэщэгъут ди дежкIэ. Ди лъэпкъ щIэблэр зэрыгушхуэ, зыдэплъей цIыхут ар. Куэдым жаIэж Ахьмэдхъан гъуэгум ирикIуэу ялъэгъуамэ емыкIу къэдмыхьащэрэт, игу зэдмыгъэбгъащэрэт жаIэу лъэныкъуэ зрагъэзу зэрыщытар.

Гъэмахуэр къэса иужь Ахьмэдхъан къалэм дэзэгъэжыртэкъым. Мэз лъапэр фIыуэ илъагъуу щытащ, и ныбжьэгъухэм абы бжьэ щагъэхъуу, езыми бжьэ матэ хухахауэ иIэу апхуэдэти, къэкIуэжырт, пщыIэм тест, гъуэмылэ яхуэпхьамэ фо уагъэшхынут, и анэми щIэх-щIэхыурэ къыхуихьырти дигъэтхъэжырт. Ныбжьэгъу бэлыхьт Ахьмэдхъан пэжкIэ къыбгъэдэт и къуажэгъухэр. КъэкIуэжа иужь абыхэм я деж кIуэрт, илъагъурт, езыми кърригъэблагъэрт. Ди гуапэт ахэр Ахьмэдхъан къызэрыхуэгумащIэр, мамэ егъэлеяуэ абыхэм ящыгуфIыкIырт. Нобэр къыздэсым си гум IэфIу илъщ сыт хуэдэ ныбжьым итми, мамэ Ахьмэдхъан зыщимыгъэнщIу зэрыщытар.

ГушыIэшхуэ, гушыIэ дахэ хэлът си пщыкъуэм. Ар гушыIэу, дыхьэшхыу ныбжьэгъухэм яхэсу щыплъагъукIэ уи гур хэхъуэрт. Уий, иджыпсту унащхьэр къочэ жыпIэу апхуэдэт я зэхэсыкIэр.

Ахьэмэдхъан къыщалъхуа унагъуэм зэкъуэшхэм я зэхуаку пщIэшхуэ щыдэлъащ, нэхъыжьым фIэлIыкIыу, нэхъыщIэр ягъэлъапIэу. Аращ сэ абыхэм ядэслъэгъуар. Ахьмэдхъан къэкIуэжа иужь дэнэкIэ щыIэри псынщIэу я анэм и деж къекIуэлIэжу щытащ. Ахэр зэхуэгумащIэу, зэдэуэршэру, зым жиIэр адрейм зэрыфIэгъэщIэгъуэныр нэрылъагъуу, фэрыщIагъ зыхэмылъ гуапагъэ нэскIэ зэбгъэдэст. Абыхэм уадэмыплъеинкIэ, уемыхъуэпсэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Зым и Iуэхур адрейм игъэдахэрт, зым жиIар адрейм игъэзащIэрт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэкъуэшихымрэ я шыпхъу закъуэмрэ ящыщу зыри псэужкъым. Ар икъукIэ къызохьэлъэкI, ауэ Iэмырщи, Алыхьым дыхуэарэзыщ. И натIэм кърритха гъащIэр тэмэму ирихьэкIащ, гугъу ехьауэ, ауэ и гугъуехьыр иIуэтэжауэ дунейм ехыжащи, ахърэт нэху кърритауэ тхьэм къыщIигъэкI.

**НАЛО Аскэрхъан**, *КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмрэ къэрал кIуэцI дзэхэмрэ я ветеранхэм я Советым и унафэщIым и къуэдзэ:* - Ди унагъуэр зэрыбынибл – щIалихрэ зы хъыджэбзрэ - дыхъурт. Ди адэр пасэу дунейм ехыжу ди анэр дэIэпыкъуэгъуншэу къыщынэм, быным ди нэхъыжь Ахьмэдхъан балигъ дыхъуху дипIащ, адэ къалэнри, нэхъыжь къалэнри зэдихьыу.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, Ахьмэдхъан фронтым кIуащ. Унагъуэм гугъу къыддехьащ, зауэм хэтыхункIэ мазэ къэс къытхуигъэхьа ахъшэрщ дызэрыпсэуар. Абы щыгъуэ Хьэтуей еджапIэр дыжьын медалкIэ къызэрызухам Ахьмэдхъан Iыхьэлейуэ щыгуфIыкIат. Сэ къызэрызэджэр Мыщэти, жиIащ: «Мыщэ, уэ дзэ еджапIэ ущIэтIысхьамэ нэхъ къэсщтэнут». Сэ езым си мурадт экзаменыншэу сыздыщIэхуэну, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзырым е бгы металлургие институтым сыщеджэну. Ауэ сегупсысщ, къуэш нэхъыжьым и жэрдэмыр дэсIыгъмэ нэхъыфIу къэслъытэри, дзэ еджапIэм сыкIуауэ щытащ. Апхуэдэу Ахьмэдхъан и фIыгъэкIэ си гъащIэр дзэм епха хъури, илъэс 28-кIэ армэм сыхэтащ, сэлэту къыщIэздзэри, полковникым сынэсащ.

ЗэрыжаIэу, пщIэрэ щхьэрэ къытхуащIу, ди унагъуэм щхьэкIи, Къэбэрдейм щхьэкIи Iей жедмыгъэIэу дахэтащ, апхуэдэуи дакъыхэкIыжащ. Иджы, Ахьмэдхъан и жэрдэмыр дэсIыгъыу, дзэ лъагъуэм сызэрытехьам сыхущIегъуэжыркъым, уеблэмэ, абы срогушхуэ, арэзы зэрысщIам гупсэхугъуэ къызэт.

Ахьмэдхъан езыр спортсмену щытати, сэри сызэрыбэнакIуэм зэрыщыгуфIыкIым гу лъыстэрт. Си щIалэгъуэм сыспортсмен лъэрызехьэт, Къэбэрдейм, псом хуэмыдэу Налшык щыIэ зэпеуэхэм дыкъыщашэм и деж, Ахьмэдхъан сызыхэт зэхьэзэхуэхэм накIуэурэ кIэлъыплъын фIэфIт.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**



# IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



ПIланэпэр зыгъэхьэзырар ТАБЫЩ Муратщ

## Жэбагъы пщыр псэууэ зэригъэижар *(Хъыбар)*



Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэчрэ ХьэтIохъущокъуэ Мысострэ зэфIэнащ. Тхьэм ещIэ а тIум яхузэрымыгъэгуэшар. А зэманым пщитI-лъэпкъитI зэфIэнэн жыхуэпIэр зыуи къалъытэртэкъым. Хэт и дамыгъэ нэхъ дахэ жаIэнти, зэхуилъынт. Е нэхъыжь тIысыпIэр зэпаубыдынти, зэрыукIыжынт. Е уи пелуаныр си пелуаным къытекIуащ жаIэнти, джатэр зэхурахынт. ЛIыпIэ зэригъахуэртэкъым.

Арати, Къетыкъуэ и къуэ Аслъэнбэчрэ ХьэтIохъущокъуэ Мысострэ зэфIэнащ, мы дунеижьым зэрытемыгъахуэ хъуащ. Хьэм и губжьыр кхъуэм щехьэ, жыхуаIэрати, ХьэтIохъущокъуэ Мысост зекIуэ къикIыж пэтрэ, Къетыкъуэ Аслъэнбэч и зы мэлыхъуэ цIыкIу гуэр хуэзащ.

- Ухэт? - жиIэу пщыр мэлыхъуэм щеупщIым:

- Къетыкъуэ Аслъэнбэч сримэлыхъуэщ, - жиIащ адрейм.

- ЕIым-еI, абы и цIэр си пащхьэ уиту щхьэ жыпIагъэххэ? - жиIэщ ХьэтIохъущокъуэ Мысости, лажьэ зимыIэ мэлыхъуэ тхьэмыщкIэр къамышыкIэ зэхиубэрэжьащ. «Уи пщым и цIэр пщызгъэгъупщэжынщ», - жиIэри, мэлыхъуэм и бзэгупэри пигъэжащ. Пигъэжри, еуэри ежьэжащ.

И бзэгум лъыр къыпыжу къэсыжащ мэлыхъуэ тхьэмыщкIэр. Къэсыжу ерагъкIэ Iуэхур зыIутыр щыжиIэм, Къетыкъуэ Аслъэнбэч ар идэнт! Къетыкъуэ и къуэр езыр икъукIэ лIы пхъашэти, абдежым унафэ быдэ ищIащ жылагъуэу и IэмыщIэ илъ псори зэщIэшэсэну.

Сыт ящIэжынт жылэхэм? Пщы унафэр ткIийти, щIадзащ псоми загъэхьэзыру. Хэт и уанэ едыж, хэти и джатэжьыр къыкъуилъэфыжауэ елъ, ещанэми и адэшхуэм къыщIэна афэр егъэцIу. Псоми зыхуагъэхьэзыр зауэшхуэм.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч шухэх зэрищIыр Къэзанокъуэ Жэбагъы зэхихащ. КъыщIэупщIэщ-нышIэупщIэри, къищIащ зауэшхуэ зэхиублэну Къетыкъуэ и къуэм мурад бзаджэ зэриIэр. Къэзанокъуэ Жэбагъы ар къыщищIэм, еуэщ аби, жылэм нэхъыжьу дэсыр зэхуишэсри, кIуащ Къетыкъуэ Аслъэнбэч деж.

Мо лIы гупышхуэм, Къетыкъуэ Аслъэнбэч и пщIантIэм зэрыдыхьэххэу, дыуэ ящIу хуежьащ. Езы Аслъэнбэч хьэщIэщым щIэсти, щхьэгъубжэмкIэ къыдэплъри - дыуэ зыщI лIы гупышхуэр щилъагъум, гузэващ:

- Iау, сыт телъыджэ мы къэхъуар? Тхьэм и шыкуркIэ, дыуэ къыттращIэн хуэдэу тхэлIыкIаIакъым, - жиIэри.

А зэрыгузавэм хуэдэу, Аслъэнбэч къыщIэкIщ хьэщIэщми, къабгъэдыхьащ лIы гупым. Жэбагъы я пашэу лIыхэм дыуэ ящIырт, пщы къабгъэдыхьам хуемыплъэкIыххэу. Дыуэр зэфIэкIа нэужь, Къетыкъуэ Аслъэнбэч бгъэдыхьэщ Жэбагъыи, еупщIащ:

- Мыр сыт гъэщIэгъуэн, Жэбагъы, ди лъэпкъым хэлIыкIаIауэ сэ сщIэркъым...

- Уи лъэпкъым зыри хэлIыкIакъым, ауэ уэ улIауэ зэхэтхати, ущIэтлъхьэжыну дыкъэкIуащ.

- Iау, ар дауэ хъунт? Сэ мис, сыкъыволъагъу, Тхьэм и шыкуркIэ, сыпсэущ.

- Акъыл зимыIэж лIыри лIари зэхуэдэщ, - жиIащ Жэбагъы.

- Уэ езыр улIы Iущщ, жылэм уралIыкIуэщ, а жыпIэм къикIыр сыт? - жиIэри къеупщIащ Аслъэнбэчыр Жэбагъы.

- Абы къикIыращ, - жиIащ Жэбагъы, - лIым лъы ещIэж жыпIэу жылэр умыгъэунэхъу. ЦIыху цIыхущIыжщ жыхуаIэращи, зыIыгъ, тэмакъ зигъэIэ. Зы бзэгупэ ныкъуэм жылагъуэм и хьэдагъэшхуэ тыдумыгъащIэ.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч, хэгупсысысыхьри, жиIащ:

- Iау, Жэбагъы, ар дауэ? Сэ схуэмыдэм си пщылI къиукIрэ сэ ар сукIыж мыхъууи? ХьэтIохъущокъуэ Мысост и къуэр сэ зытезгъэгушхуэуи?

- Ешхуэ къэзыIэтыр хэку бийщ, унагъуэ биймиx хуэдэжкъым. Укъыдэдаlуэмэ - упсэущ, хьэуэ жыпIэрэ - удгъеижащи, зэфIокI, - жиIэщ Къэзанокъуэ Жэбагъыи, лIыжьхэм я пашэу Къетыкъуэ Аслъэнбэч и пщIантIэм къыдэкIыжащ.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч ищIэрт Жэбагъы цIыхухэм фIыуэ къызэралъагъури - сыт ищIэжынт? Тхьэмахуэ псокIэ егупсысащ а Iуэхум. ИкIэм-икIэжым, и шухэххэми апхуэдэ зауэр зэрафIэмыфIыр щилъагъум, унафэ ищIащ ХьэтIохъущокъуэ Мысост темыуэну.

Арати, Къэзанокъуэ Жэбагъы и фIыгъэкIэ пщы-уэркъхэм зэхаублэну я гугъа зауэр къэхъуакъым. Апхуэдэ лIыфIу щытащ Къэзанокъуэр.

## ЩIакIуэм и уэрэд *(КъебжэкI)*

Си щIакIуэр щIакIуэфIщ,
ФызыфIым схуищIащ,
ХьэдэIусым срокIуэ,
Нэщхъуэжьейр къызокIуащэ,
Iэлъэжьибгъур къызет.
Жыгеижьыр хуэщхьэшэщ,
Жьауэ здищIымкIэ сотIыс,
Си щIакIуэр си пIэщхьагъщ,
МащIэ-мащIэурэ сожей.
Сыкъэушмэ, щыIэжкъым,
Си щIакIуэщIэр ядыгъуа гущи,
Зыдыгъуам хуремыгъу,
Си мыгъуагъи дрекIуэд.
Си щIакIуэр щIакIуэфIщ,
Абы и фIагъхэри бжесIэни:
Псым сикIмэ, си кхъуафэщ,
Уэшх къешхмэ, си пщыIэщ,
Дыгъэр къепсмэ, си жьауэщ.
Си щIакIуэр зыдыгъуар
зэрыщытыр бжесIэни:
Я бжэIупэр псынджылъэщ,
ЗэрызэфIэлъу мэжей,
ЗимытхьэщIу жэм еш,
Шэ мыгъэпщтам тхъу трех.

# Шэчэрыпс и Iубыгъуэ закъуэ

(Таурыхъ)



Нану и цIэу зы щIалэ цIыкIу псэути, и анэр къытехуэри сымаджэ хъуащ. Iэзэри гъуазэри пэмылъэщу фызыр мэткIу. Апхуэдэурэ мазэ кIуа, илъэс кIуа - сытми фызым пщIыхьэпIэу елъагъу, зыгуэрым къыжриIэ хуэдэу: «Уи къуэр Шэчэрыщхьэ гъакIуи, вагъуэ нур фIэкIа хэмыпсауэ, псы Iубыгъуэ къегъэхьи, абы уефэмэ, сапсэууэ ухъужынущ», - жиIэу.

Нэху къокIри, пщIыхьэпIэр игу къыщыкIыжкIэ, фызыр хощтыкI: «Алыхьым имыухкIэ, си псэм щхьэкIэ си щIалэ цIыкIур хьэм езгъэшхыну!»

И лIым абы гу лъетэри хегъэзыхь, щхьэ ухэщтыкIат, жери.

- Ауей, - жи фызым, - пщIыхьэпIэ делэ слъэгъуати аращ.

- Хъер ухъу: бегъымбархэм хуауIуати, мелыIычхэм яуIуэтэж! Уи пщIыхьэпIэр къызжеIэ! - жери, лъэщыгъэкIэ кърегъэIуатэ.

КърегъэIуатэри, Нану къреджэ аби, мыпхуэдэу жреIэ и адэм:

- Нану, уи анэр хъужыну ухуей?

- Сыхуейщ, - жи и нэпсхэм къызэпажыхьауэ.

- НтIэ, уи анэр хъужыну ухуеймэ, мо псылъэ цIыкIур къащти, Шэчэрыщхьэ кIуэи, вагъуэ нур фIэкIа хэмыпсауэ, зы псы Iубыгъуэ къигъахъуи къэхь: уи анэм ар зэрыIухуэу хъужынущ, - жреIэ.

И анэм идэркъым:

- АIэ, умыкIуэ, хьэм уашхынщ, сэ арыншэми сыхъужынущ, нэхъыфIи сыхъуащ.

- Нанэ, умыгузавэ уэ: хьэми самышхыу сыкъызэрыкIуэжын Iэмал сощIэ.

- АIэ, Алыхьым имыухкIэ! Уэ абы укIуэмэ, делэ сыхъуни, занщIэу сылIэни!

АрщхьэкIэ Нану псылъэр къещтэри, йоуэр аби, Шэчэрыщхьэ макIуэ. МакIуэри, зыгуэрым цырхъ жиIэху, хэщтыкIыу щысщ, псыр къыщыщIэжым деж тIысауэ. Щысым-щысурэ, кIыфI игъэхъущ, вагъуэхэр лынду кърригъэтIысхьэщ аби, шэчэрыпсыр изу псылъэ цIыкIум кърригъэхъуащ. Псылъэм и щхьэр быдэу IуиукIэжри, и гуфIакIэм дилъхьэжащ, езыр кIуэри, абдеж щыт кхъужьейм дэпщейщ аби, къудамэ гуэрым тетIысхьащ.

Жэщ ныкъуэм деж мазэр къыщIокIри дунейр егъэнэху. А кхъужьейр зы мыщэ гуэрым къигъэунэхуауэ кхъужьашхэ къакIуэ и хабзэти, мазэгъуэ нэху зэрыхъуу, къосри жыгым къыдопщей. Нану мэшынэри мэкIий: мыщэжьыр мащтэри йохуэхыж аби, мэзым щIолъэдэж. Нану и гур къихьэжа-къимыхьэжауэ, дыгъужьыжь къокIуэри, жыг щIагъым къыщIотIысхьэ, къыдэплъейрэ къугъыу. ЩIалэ цIыкIур мэкIэкуакуэ, магъ, кхъужь къыпичурэ къоух, дыгъужьым зигъэхъейркъым. Жэщ псом жыг щIагъым щIэсри, нэхущыращ щыщIэпхъуэжар.

Пщэдджыжьым Нану шынэ-гузавэурэ жыгым къолъэжри къожьэж. КъакIуэм-къалъэурэ, къуажапщэм деж зы хьэфиз щысу кърохьэлIэ.

-Уэ ухэт? - жи хьэфизым.

- Сы-Нанущ.

- Дэнэ укъикIыжрэ?

- Мэзым.

- Сыт къэпхьрэ?

- Шэчэрыпс.

- Сыт пщIынур?

- Ди анэр езгъэфэнурэ згъэхъужынущ.

- КхъыIэ, сэри зэ сегъэIуб! - жи хьэфизым.

Нану ар фIэгуэныхь мэхъури ирегъэIуб, зэреIубу и нитIыр къоплъэж аби, кIийуэ къуажэм долъэдэж:

- Уо-уо-о, Нану си нитIыр къыгъэплъэжащ! - жери.

ЩIалэ цIыкIур къожьэжри, къакIуэм-къакIуэурэ, зы хъыджэбз нэIуджэ къыхуозэ, зыми зэрамыпэсу къыдэнэжауэ.

- Дэнэ укъикIыжрэ, Нану? - жери къоупщI хъыджэбзыр.

- Мэзым.

- Сыт къэпхьрэ?

- Шэчэрыпс.

- Сыт пщIынур?

- Ди анэр езгъэфэнурэ згъэхъужынущ.

- Хьэфизыр зыгъэхъужар уэра?

- Сэращ.

- КхъыIэ, сэри зэ закъуэ сегъэIуб! - жери къолъэIу хъыджэбз нэIуджэр.

Нану ар фIэгуэныхь мэхъури хегъэф, зэрыхэфарауэ хъыджэбзым, тхьэIухудым хуэдэу, зеукъэбзыж аби, гуфIэу жылэм холъэдэж:

- Уо-уо-о, Нану и псым сиукъэбзыжащ! - жери.

Нану къожьэж аргуэрыи, къакIуэм-къалъэурэ, зы щIалэ цIыкIу, и лъакъуитIыр къыдэмыбзэу, IэплIэкIэ къахьщ аби, куэбжэпэм къагъэтIысауэ къыхуозэ:

- Дэнэ укъикIыжрэ, Нану? - къоупщI ари.

- Мэзым.

- Сыт къэпхьрэ?

- Шэчэрыпс.

- Сыт пщIынур?

- Ди анэр езгъэфэнурэ згъэхъужынущ.

- Хьэфизыр къэзыгъэплъэжар уэра?

- Сэращ.

- НэIуджэри зыукъэбзыжар уэра?

- Сэращ.

- КхъыIэ, сэри зэ закъуэпцIий сегъэIуб, псапэ къэпхьынщ! - жери щIалэ цIыкIур къолъэIу.

Нану аргуэрыр фIэгуэныхь мэхъури псылъэр иret:

- НтIэ зэ фIэкIа уемыIуб, ди анэм къыхуэнэжыр мащIэщ, - жери.

ЩIалэ цIыкIум псылъэр егъэщIейри, къуртI-къуртI жиIэу щэ еIубыгъуэ йоIубри, и лъакъуитIыр къыщIоувэж. МэгуфIэри къыщолъэт, псылъэр Iэпохури, къинэжа тIэкIур йожыж.

- Уо-уо-о, Нану си лъакъуитIыр къызитыжащ! - жери щIалэ цIыкIур кIийуэ долъэдэж.

Нану и псы тIэкIур щикIутакIэ игу фIы щыщIэнт - и щхьэр къыфIэхуауэ къожьэжри, къакIуэурэ, къакIуэурэ, и адэр зыщIыпIэ къикIыжу къыхуозэ:

- Къэпхьа шэчэрыпс?

- Хьэуэ.

- НтIэ щхьэ къыумыхьарэ?

- Къесхьэжьам хьэфиз хэзгъэфри къэплъэжащ, нэджэIуджэ езгъэIубри зиукъэбзыжащ, лъэншэм Iузгъахуэри и лъэ къыщIэувэжащ. Абы и лъэр къыщыщIэувэжым, псылъэр Iэпыхури, къинэжа тIэкIур икIутыжащ, - жи Нану.

- Едым и лыр ушхи-ушх уэ гъуамэм: жылэр бгъэхъужри, уи анэр бгъэлIащ! - жери, къощхьэфауэр аби, и тхьэкIумэр иIыгъыу кърешэжьэж.

КъакIуэм-къалъэм, къакIуэм-къалъэурэ, и анэ дэлъхур къахуозэ:

- Къэпхьрэ шэчэрыпс? - жи.

- Хьэуэ.

- НтIэ слIо къыщIумыхьыр?

- Къэсхьырти, хьэфизым Iузгъахуэри къэплъэжащ, нэджэIуджэ хэзгъэфри зиукъэбзыжащ, лъэншэ езгъэIубри, и лъэ къыщIэувэжащ. Абы и лъэр къыщыщIэувэжым, псылъэр Iэпыхури, къинэжа тIэкIур икIутыжащ, - жи Нану.

- Едым и лыр ушхи-ушх уэ гъуамэм: жылэр бгъэхъужри, уи анэр бгъэлIащ! - жери, аргуэрыр къыхущIоуэ аби, адрей тхьэкIумэр еубыдри кърашэжьэж.

КъакIуэм-къалъэурэ, къэсыжыпауэ я гъунэгъур къыдокI:

- Къэпхьрэ шэчэрыпс? - жи.

- Хьэуэ.

- НтIэ щхьэ къыумыхьрэ?

- Къэсхьырти, хьэфизым Iузгъахуэри къэплъэжащ, нэджэIуджэ хэзгъэфри зиукъэбзыжащ, лъэншэ езгъэIубри, и лъэ къыщIэувэжащ. Абы и лъэр къыщыщIэувэжым, псылъэр Iэпыхури, къинэжа тIэкIур икIутыжащ, - жи Нану.

- Едым и лыр ушхи-ушх уэ гъуамэм: жылэр бгъэхъужри, уи анэр бгъэлIащ! - жери, аргуэрыр фIыуэ къыхущIоуэр аби, я ужь къоувэри къашэж.

Къэсыжри унэм щIашэж, здыщIашэжам и анэр хъужарэ пщафIэу ирохьэлIэж.

- А си щIалэ цIыкIу, а си псэ, псэууэ укъысхуэкIуэжа! - жери и анэм IэплIэшхуэ къыхуещI.

Нану къыщеудри магъ:

- Нанэ, шэчэрыпс къыпхуэсхьырти, хьэфизым Iузгъахуэри къэплъэжащ...

- Тхьэ, абдеж сэри си нэр къэплъэжам! - жи и анэм.

- ... нэджэIуджэ хэзгъэфри зиукъэбзыжащ...

- Тхьэ, абдеж си узри сщхьэщыкIам! - жи и анэм.

- ...лъэншэ езгъэIубри и лъэр къыщIэувэжащ...

- Тхьэ, абдеж сэри сыкъэтэджыжам! - жи и анэм.

- ... и лъэр къыщыщIэувэжым, псылъэр Iэпыхури, къинэжа тIэкIур икIутыжащ, - жи Нану.

- А къурмэн сызыхуэхъун, сэ псы хущхъуи сыхуэныкъуэжкъым, сыту фIыт а тхьэмыщкIищым я дунейр зэрептыжар! - жери, Iэнэ къахуегъэуври, и къуэм, и лIым, и дэлъхум, я гъунэгъум ефэешхэ къахуещI.

Хьэфизу щытар лажьэурэ бей мэхъури, шы-уанэ зэтелъ къыхуешэ Нану, и чэзум фIыщIэ пхуэсщIыжыну сигу къэкIатэкъым, жери.

НэджэIуджэу щытар хъаным и къуэм ешэри, фащэ екIу къыщетIагъэ, и чэзум фIыщIэ пхуэсщIыжыну сигу къэкIатэкъым, жери.

Лъэншэу щытар ныбжьэгъу пэж къыхуохъу, и чэзум фIыщIэ пхуэсщIыжыну сигу къэкIакъым, жери.

Ноби шэчэрыпс вагъуэ нур фIэкIа хэмыпсауэ уефэмэ, уегъэхъуж жаIэ.



# ХэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ яубзыху

**КъБКъУ-м и медицинэ академием щекIуэкIащ лышх узыфэм, ар зыпкърыт сымаджэхэм ягъуэтын хуей дэIэпыкъуныгъэм теухуа япэ щIыналъэзэхуаку щIэныгъэ-практикэ конференцэ. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэхэм, Санкт-Петербург, Тбилиси къикIа онкологхэр, радиологхэр, реабилитологхэр, щIэныгъэлIхэр.**

КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и проректор, ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием хэт Хьэшыр Светланэ зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ лышх узыфэр зыпкърыт сымаджэхэм еIэзэным, абыхэм я узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ иIэн папщIэ, медицинэм и IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэр зыхэт зэIущIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Терапевтхэр, хирургхэр, реабилитологхэр зэгъусэу унэтIыныгъэм щыIэ гугъуехьхэм зэрытепсэлъыхьым хэкIыпIэщIэхэр къигъэнэIуэнущ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр лъэпкъ проектхэм къагъэув къалэнхэми поджэж. Нэхъыщхьэр сымаджэм и узыншагъэр зэтеувэжыху игъуэт дэIэпыкъуныгъэрщ: абы еIэзэным деж щегъэжьауэ гукъыдэж иIэу жылагъуэм хэзэгъэжыным нэсыху гулъытэ хуэщIыныршщ. Шэч къытесхьэркъым, зэфIэкI пэрытхэмкIэ зэхъуэжэныр узым текIуэнымкIэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъунум», - жиIащ Хьэшыр Светланэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам хьэщIэхэм зэрызахуигъазэм къеджащ абы и къуэдзэ Хьэщхъуэжь Борис.

«Онкологие IэнатIэм нобэ щызэфIагъэкIыр узыр къэхутэнымрэ ар зыпкърытым еIэзэнымрэ и закъуэкъым, атIэ сымаджэм къыпэщылъ Iуэху псори зэфIэкIыху дэщIыгъущ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм щытыкIэр нэхъ тынш къащещI. ЩIыналъэм IэнатIэм и инфраструктурэм зыщыдогъэужь, иджырей мардэхэр лэжьыгъэм къыхыдогъэхьэ. Ауэ медицинэм гъунапкъэ иIэкъым, абы къыхэкIыуи зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэныр Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэ Iэмал хъарзынэщ. Шэч къытесхьэркъым конференцым къыщаIэтахэм япкъ иткIэ къащта унафэхэр къэралым онкологие дэIэпыкъуныгъэм зыщиужьынымкIэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхъунум», - щыжеIэ министрым и зэрызыхуигъазэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и IэщIагъэлI-онколог АфIэунэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и онкологие IэнатIэм щыщыIэ щытыкIэм. Абы къыхигъэщащ республикэм Лышх узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ и диспансерым инфраструктурэ лъэщ зэриIэр, блэкIа илъэсым фIагъ зиIэ дэIэпыкъуныгъэ зыгъуэтахэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар, иджырей диагностикэ Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ иджы узыфэхэр нэхъ псынщIэу и чэзум къазэрыхуэхутэр. Апхуэдэу АфIэунэм жиIащ республикэм мыгувэу Лышх узыфэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и унэщIэ къызэрыщызэIуахынур.

АдэкIэ конференцым и лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIащ «стIол хъурей» жыпхъэм иту. Зэхыхьэм хэтхэр тепсэлъыхьащ сабий онкологием, узыр и чэзум къэхутэнымкIэ, абы зэрызиубгъум упэщIэтынымкIэ щыIэ IэмалыщIэхэм.

IэщIагъэлIхэм и гугъу ящIащ ПЭТ-КТ-мрэ ОФЭКТ-КТ-мрэ къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэм, МРТ, УЗИ къэхутэныгъэхэм, дерматоскопием и бгъэдыхьэкIэщIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэри зэпкърахащ. Къыхагъэщащ сымаджэхэм я узыншагъэр зэфIагъэувэжын папщIэ Налшык курортым и щIыуэпс хущхъуэхэр къызэрагъэсэбэпыфынум. Апхуэдэуи сымаджэщхэмрэ реабилитацэ центрхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм зэрызрагъэубгъунури яубзыхуащ.

IэщIагъэлIхэм я мурадщ зэхыхьэм къыхаха чэнджэщхэмрэ лэжьыгъэ и пIалъэ къащIахэмрэ Кавказ Ищхъэрэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щегъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ я IэнатIэхэм къыщагъэсэбэпыну. Конференцэм хэтахэм сертификатхэр иратащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Къалэн нэхъыщхьэхэр ягъэнаIуэ • УФСИН

**Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и коллегием 2026 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжри, адэкIэ нэхъыщхьэу къапэщытхэр яубзыхуащ. Абы хэтащ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Алтуев Мухъутар.**

ЩIЫНАЛЪЭ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Ковалев Михаил жиIащ тезырыр щагъэзэкIуэж IэнатIэхэм я нэIэ зэрытетыр, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къызэрамыгъэхъуар. Гулъытэ хэха хуащIащ щIыпIэм хуит ямыщI хьэпшыпхэр демыгъэхьэным, ягъэтIысахэм драгъэкIуэкIащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным, гъэсэныгъэм, социальнэ лэжьыгъэм ехьэлIа Iуэху щхьэпэхэр.

Я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ къэпсэлъахащ УФСИН-м и Iэтащхьэм и къуэдзэхэмрэ IэнатIэхэм я унафэщIхэмрэ. Зэпкърыхауэ хэплъащ производственнэ секторым и зыужьыныгъэм, тезырыр езыхьэкIхэм ятелъ щIыхуэр егъэпшыныжыным.

Пенитенциар ведомствэм и унафэщIым и къуэдзэ Абазэ Аслъэн зэрыжиIамкIэ, я нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм щагъэхьэзыращ сом мелуан 90 зыпэкIуэ продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэр. ЛэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщащ ягъэтIысахэу щIыхуэ зытелъхэр икIи абы Iэмал ярет ар япшыныжыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ пробацием теухуа законыр зэрагъэзащIэм. ЩIыналъэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Никитин Николай ягу къигъэкIыжащ социальнэ гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ лъэхъуэщым исхэми хуит ящIыжахэми зэрадэIэпыкъур.

- ДызриплъэпIалъэм лъэIу 278-рэ яхуэдгъэзэщIащ. Абыхэм яхэтщ СВО-м хэтхэм къабгъэдэкIхэри, - жиIащ къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникым.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ къыщIэхуахэр зэраIыгъ тщIыкIэр егъэфIэкIуэным, абыхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр ятыным, я лэжьакIуэ гупыр зэгъэуIуным, техникэкIэ къызэгъэпэщынымрэ уголовно-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и адрей унэтIыныгъэхэми пыщIа къалэнхэм.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**






# Жъындуужь *(Псысэ)*



Зы щIалэ гуэр псэут, мы дунейм къуалэбзууэ тетым я бзэр ищIэу. А щIалэм и фызым кIытэ игъэгъуну трикIутат. А кIытэ трикIутам бзухэр бгъэдэтIысхьауэ ящыпырти, бзуухъур къэпсалъэри:

- Зыр жьэдэвдзи тIур ефтхъух, - жиIащ.

Ар щIалэм зэхищIыкIри дыхьэшхащ. Щыдыхьэшхым и фызыр къэгубжьащ:

- Сыт щхьэкIэ укъысщыдыхьэшха? - жиIэри.

- Уэ сыпщыдыхьэшхакъым, сэ сыщIэдыхьэшхар мо бзуухъум жиIар зэхэсщIыкIати аращ, - щыжиIэм, фызым и лIым хуигъэуващ:

- Иджыпсту къуалэбзууэ щыIэм я цыпэ зырыз къысхухэпчу щхьэнтэ сымыщIмэ сылIэнущ, - жиIэри.

ЩIалэр гузавэри, къызэхуигъэсащ дамэ зытету щыIэр. Жьындуужьыр къэмысу зыкъомкIэ къакIэрыхуауэ къыщысым, щIалэр еупщIащ.

- Сыт алъандэрэ укъыщIэмыкIуар? - жиIэри.

Жьындури къэпсалъэри жэуапыр иритащ:

- Сэ сыкъыщIыкIэрыхуаращ, мывэмрэ вагъуэмрэ зэпэзбжырти, абы сыкъигъэгуващ, - жиIэри.

- АтIэ дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Мывэр нэхъыбэт, - жиIащ.

- ИтIанэ-щэ?

- ИтIанэ лIамрэ псэумрэ зэпэзбжат, - жиIащ.

- АтIэ аби дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Абы лIар нэхъыбэу къэслъытащ, - жиIащ.

- Ар пэжкъым! - имыдэу щIалэм щыжиIэм, жьындур къэпсалъэри:

- Ар зи щхьэр зымыгъэпсэужыф псори лIам хэзбжати аращ, - жиIащ.

- ИтIанэ-щэ? - жиIэри, щIалэ гуэрыр жьындум еупщIащ.

- ИтIанэ лIымрэ фызымрэ зэпэзбжат, - жиIащ.

- НтIэ дэтхэнэр нэхъыбэт?

- Фызыр нэхъыбэт, - жиIащ.

- Ар дауэ хъун? - жиIэу щIалэм щимыдэм, жьындур къэпсалъэри:

- Ари зи фыз едаIуэ псори фызым хэзбжауэ арат, ари нэхъыбэ щIэхъуар, - щыжиIэм, щIалэр зыщIэгупсысыжри, зы ци къыхимычу иутIыпщыжащ.

Ауэ щыхъум, къуалэбзууэ щыIэм я цым щыщ къыхезымыгъэча жьындур губзыгъащэу къалъытэри, и лъакъуэр ятхьэщIыну унафэ ящIауэ дамэ зытет псоми ятхьэщIырти, зыгуэр къэпсалъэри жиIащ:

- Мы жьындум и лъэгур сыту щабэ, - жиIэри. НэгъуэщI зыгуэр къэпсалъэри:

- И лъэгум хуэдэу игури щабэщ абы! - щыжиIэм, жьындур шынэри пабжьэм хэтIысхьэжащ. Аращ жэщу фIэкIа махуэу ар дунейм къыщIытемыхьэри.

